

PWOJÈ FAIR LENDING

KOMINOTE SÈVIS LEGAL NAN MID FLORID, (CLSMF)

Misyon nou se pou kreye opòtinite egal nan prete pou tout moun atravè edikasyon, envestigasyon, ak egzekisyon. CLSMF bay yon seri sèvis prete ki jis nan Orange County, Seminole, Lake ak Osceola County.

- Prezantasyon pwogram edikasyon kominotè ki esplike dwa ak responsablite lokatè ak achtè kay yo anba lwa sou prete ki gen jistis;
- Envestigasyon sou divès diskriminasyon nan pratik pou prete yo;
- Asistans nan pwosesis kijan pou w pòte plent nan jistis nan kozman prete lajan;
- Referans ka diskriminasyon yo vgoye bay avoka yo k ap fè prezantasyon legal yo.

Ti liv sa a se yon piblikasyon FAIR LENDING nan CLSMF la / PWOJÈ SEKOU POU MÒGEJ OU IPOTÈK la, ke yon sibvansyon nan Pwogram Inisyativ pou Lojman ki jis la (Fair Housing Initiative Program) mete posib. Donasyon sa a sòti nan Depatman Ameriken pou Lojman an ak Devlopman Iben. Enfòmasyon nan tiliv sa a se pou edikasyon jeneral sèlman. Li pa la pou nou itilize pou n rezoud pwoblèm endividyèl. Li pa ka ranplase nonpli konsèy yon avoka. Lwa ki sipòte konklizyon a genyen ladan li dokiman ke nou ka chanje pi devan. Misyon nan CLSMF se pou bay aksè ak lajistis atravè bon jan kalite asistans legal pou tout moun ki pap touché anpil kòb.

Sèvis Legal Kominote yo nan Biwo Mid-Florid vo:

***BREVARD: 1-866-469-7444**

CITRUS & SUMTER

106 N. Osceola Ave., Inverness, FL 34450
(352) 726-6592 — CITRUS
1-800-984-2918— SUMTER

FLAGLER: 1-800-405-1417

HERNANDO: 1-866-801-5566

LAKE— (352) 343-6351

226 West Main St., Tavares, FL 32778

MARION— (352) 629-6257

1610 SE 36th Ave.
Ocala, FL 34471

***ORANGE — (407) 841-7777**

122 E. Colonial Drive, Suite 200
Orlando, FL 32801

OSCEOLA — (407) 933-1791

800 North Main St., Kissimmee, FL 34744

PUTNAM: (386) 385-0928

216 S. 6th Street, Palatka, FL 32177

***SEMINOLE: (407) 322-6673**

315 Magnolia Ave, Sanford, FL 32771

VOLUSIA — (386) 258-5600

128 Orange Ave., Suite 100,
Daytona Beach, FL 32114

Nimewo gratis pou Klivan an **800-363-2357**

Florida Relay TTY apèl Konpoze 711

**Aplike pou asistans ou sou
entènèt nan
applyforhelp.clsmf.org**

**BIWO ADMINISTRATIF:
(386)506-5396**

**info@clsmf.org
www.clsmf.org**

***Biwo kounve a pa ofri
Sèvis Lalwa pou Fanmi**




Tout biwo CLSMF vo aksesib

PWOJÈ FAIR LENDING




COMMUNITY
LEGAL SERVICES
of MID-FLORIDA

FAIR LENDING



United Way
of Marion County



Law federal pou Lojman Ekitab

Lwa sou Lojman Ekitab la (Fair Housing Act) entèdi moun kap prete moun lajan (lenders) pou achte kay yo (mogèj) pou yo fè konsiderasyon konsènan:

- ◆ Ras
- ◆ Koulè po
- ◆ Nasyonalite, nan peyi kote moun soti
- ◆ Kwayans Relijyon
- ◆ Sèks / Si se gason osnon fanm
- ◆ Enfimite
- ◆ Sityasyon famiyal (ansent oswa ki gen timoun ki poko gen laj 18 lane) nan tout aspè prete lajan pou achte kay. Prete san patipri garanti tout moun menm opòtinite pou yo prete.



Lwa federal pou Lojman Ekitab la (Fair Housing Act) pwoteje dwa ou pou prete san patipri. Biwo HUD nan Lojman ekitab la (Fair Housing) ak lwa ki bay tout moun menm opòtinite yo (Equal Opportunity) ranfòse dwa federal pou Lojman Ekitab la (Fair Housing Act). Leta ak divès ajans lokal dwa moun ajoute anpil fòs nan lwa sa ki konsène lojman ekitab yo. Otorite yo entèdi diskriminasyon ki baze sou oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl nan kèk jiridiksyon lokal, pami yo, genyen Orange County ak Orlando.

Ki moun ki ka fè Diskriminasyon lè lap prete lòt moun kòb?

- ◆ Kreditè (moun ki gen kòb lan)
- ◆ Ajan Imobilye
- ◆ Koutye ki bay ipotèk oubyen ki ede moun jwenn kòb
- ◆ Estimatè
- ◆ Ofisye ki fè sèvis prete
- ◆ Konpayi k ap prepare tit

Nan egzanp yo bay sou Diskriminasyon pou lè yon moun ap prete:

Moun kap refize bay yon lòt moun enfòmasyon sou kijan pou l prète lajan pou l achte kay oubyen pou ipotèk, akoz ras moun nan, koulè po l, relijyon l, sèks, orijin nasyonal, kondisyon famiyal oswa enfimite li.

Ofri kondisyon diferan (enterè diferan, depozit, pwen, oswa frè) sou yon prè pou achte kay, pou moun kap prete e ki soti nan ras diferan, men ki poutan gen menm kalifikasyon ak tout lòt moun.

Kap egzije pou moun kalifye kap prete yo satisfè egalman ak diferan kondisyon nan yon fason pou yo jwenn yon prè ipotèk pou kay, tankou nòt kredi diferan, dèt-a-revni rapò oswa verifikasyon revni.

K'ap ankouraje yon aplikan al pran yon move pwodwi pou l ap peye mògej sou li paske aplikan yo apateni a klas ki gen pwoteksyon.

K ap bay yon sèvis inferyè nan sèvis prete lajan pou ipotèk oubyen achte kay, tankou ki pa ta rapòte pèyman yo alè.

Trete yon moun ki bezwen prete kòb lan yon fason diferan lè li an defayans nan refize modifye yon prè, oswa defye sezi kay sou yon prè paske moun lan apateni a yon klas ki jwenn pwoteksyon.

Tretman diferan pou pwopriyete ki dwe labank e ki ap viv nan zòn minorite ak lòt moun ki dwe labank tou men ki nan zòn minorite.

Kisa pou w fè si ou rankontre diskriminasyon nan prete?

Konsève dosye ekri konsènan tout kontak ou te eseye fè oubyen reyisi fè ak yon kreditè, ajan reyèl nan byen imobilye, koutye prè ipotèk, estimatè, reparatè prè, oswa konpayi k ap delivre tit.

Konsève tout dokiman yo, ki gen ladan li aplikasyon pou prè yo, lèt refi yo ak lòt materyèl ki gen rapò ak diskriminasyon yo.

Ou kapab kontakte:

Kominote Sèvis Legal nan Mid Florida-
407-841-7777 x2117
Email: fairlending@clsmf.org

Komisyon Laflorid sou Relasyon Imen
800-342-817
Imèl: fchrinfo@fchr.myflorida.com
Sit wèb: www.fchr.state.fl.us

Fwa HUD la Ranfòsman Lojman Sant
800-440-8091
Imèl: fhwebmanager@hud.gov
Sit wèb: www.hud.gov/offices/fheo

Depoze yon plent pa afekte aktyèl prè ipotèk ou.

